

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI**Mèkredi, 22 janvye 2025 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman**

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy komunikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan **tout** pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 28 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou yo pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen de (2) kesyon redaksyon-kout. Ekri repons ou yo pou kesyon sa yo nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 3.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon (1) kesyon. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan ti liv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon (1) kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A JOUK YO YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a

Enstriksyon (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspre-syon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

... Yo òdone, kondane, ak dekrete, pou gen de Asanble Jeneral oswa Tribinal chak ane, youn nan dezyèm Jedi nan mwa avril, lòt la dezyèm Jedi nan mwa septanm apre; premye a pral rele Tribinal Eleksyon an, kote y ap chwazi chak ane detanzantan, anpil Majistra ak lòt Ofisyè Piblik ki nesesè [bezwen]: Kidonk, youn pral chwazi Gouvènè pou ane ki vin apre a epi yo chwazi yon lòt, epi pa gen okenn lòt Majistra y ap eli pou plis pase yon ane: depi toujou gen sis eli met sou Gouvènè a, ki te chwazi lè yo te fè sèman dapre yon Sèman anrejistre pou objektif sa a, ap gen pouvwa pou administre jistics dapre Lwa isit la, epi pou mank li, dapre Règ Pawòl Bondye a; chwa ki tout moun yo dakò pou moun lib epi ki te fè Sèman Fidelite a, epi ki abite nan Jiridiksyon sa a lè yo te admèt abitan yo ak pi gwo pati nan vil kote yo abite a oswa pi gwo pati nan moun ki pral prezan. . . .

Sous: Lòd Fondamantal Connecticut, Seksyon 1 (Fundamental Orders of Connecticut, Section 1),
14 janvye 1639

- | | |
|---|--|
| 1 Lòd Fondamantal Connecticut yo reprezante yon premye etap nan avansman kolonyal la

(1) reprezantan gouvènman
(2) yon monachi Ameriken
(3) libète lapawòl ak laprès
(4) abolisyon esklavaj | 2 Ki devlopman kolonyal ki te pi sanble ak Lòd Fondamantal Connecticut yo?

(1) Lwa sou Tolerans Maryland
(2) Chann Boujwa Vijini yo
(3) Pwoklamasyon 1763
(4) Lwa Koupon pou Achte |
|---|--|
-

Sèvi ak poklamasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 3 ak 4.

Lè nou konsidere li parèt yon sitiyasyon lagè egziste ant Otrich, Lapris, Sadèy, Grann Bretay, ak Peyi Ba Ini, yon bò, ak Lafrans yon lòt bò; epi devwa ak enterè Etazini mande, pou yo ta dwe ak senserite ak bon entansyon adopte epi pousuiv yon konduit amikal e san patipri anvè pouvwa agresif yo; . . .

Sous: Prezidan George Washington, Pwoklamasyon Netralite (Proclamation of Neutrality),
22 avril 1793

- | | |
|--|--|
| 3 Ki sa ki te objektif prensipal pwoklamasyon sa a? | 4 Ki aksyon politik etranjè Etazini annapre yo ki pi konresponn ak lide ki eksprime nan pwoklamasyon sa a? |
| (1) mete Etazini ak Grann Bretay sou menm longè dond | (1) anonsé Doktrin Monroe |
| (2) pou negosye yon trete lapè ant eta lagè nan Ewòp yo | (2) ratifye Trete Guadalupe Hidalgo |
| (3) pou evite antre nan lagè ant Grann Bretay ak Lafrans | (3) anekse Filipin |
| (4) pa mele nan zafè koloni Fransè yo nan Amerik Latin nan | (4) negosye Akò Camp David yo |
-

Sèvi ak moso tèks ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 ak 6.

. . . Rezulta a se yon konviksyon eta yo pa gen okenn pouvwa, pa mwayen taksasyon oswa lòt jan, pou retade [ralanti], anpeche, mete chay, oswa nan nenpòt fason kontwole, operasyon yo nan lwa konstitisyonèl yo ki dekrete pa Kongrè a pou egzekite pouvwa yo bay gouvènman jeneral la. Sa a se, nou panse, konsekans nou pa ka evite nan sipremasi sa a konstitisyon an te deklare. Nou gen menm opinyon, lwa lejislati Maryland te a pase, ki enpoze yon taks sou Bank Etazini an, enkonstitisyonèl epi anile. . . .

Sous: *McCulloch v. Maryland*, 1819

- | | |
|---|--|
| 5 Kisa ki te yon enpak enpòtan nan desizyon <i>McCulloch v. Maryland</i> (1819) la? | 6 Desizyon Kou Siprèm ki dekri nan ekstrè sa a se yon egzanp ki prensip? |
| (1) Li te etabli lide ki fè konnen eta yo ta dwe gen pouvwa pou ranvèse lwa federal yo. | (1) gouvènman repiblikan |
| (2) Li te konprann kreyasyon Bank Nasyonal la te konstitisyonèl. | (2) souvrènte popilè |
| (3) Li te deklare lejislati bikameral Konstitisyon an te tabli pa t ilegal. | (3) seksyonalis |
| (4) Li te limite pouvwa Kongrè a pou ajoute nouvo eta nan Inyon an. | (4) sipremasi federal |
-

Sèvi ak lèt ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 ak 8.

. . . Trete sa a [Acha Louisiana] dwe natirèlman mete devan tou de kay yo, paske tou de gen fonksyon enpòtan pou yo ranpli. Mwen sipoze yo pral wè devwa yo anvè peyi yo lè yo ratifye ak peye pou sa, yon fason pou garanti yon byen ki petèt pa janm nan pouwwa yo ankò. Men, mwen sipoze lè sa a yo dwe fè apèl ak *nasyon an* pou yon lòt atik nan konstitisyon an, apwouve & konfime yon zak nasyon an pa t otorize anvan. Konstitisyon an pa t mete okenn dispozisyon pou nou kenbe teritwa etranje, san n pa pale pou entegre nasyon etranje nan inyon nou an. . . .

Sous: Thomas Jefferson, Lèt pou John Breckinridge (Letter to John Breckinridge),
12 out 1803 (adapte)

- | | |
|--|---|
| 7 Ki reklamasyon konsènan Konstitisyon an lèt sa a pi byen sipòte? | 8 Yon gwo objektif pou Prezidan Thomas Jefferson nan achte Teritwa Louisiana sèke li ta |
| (1) Li pa di yon fason espesyal fason pou entegre teritwa etranje. | (1) ankouraje pwogrè fabrikasyon nan Sid la |
| (2) Sena a dwe bay lajan pou acha sa a. | (2) etabli yon baz pou mete kontwòl sou komès Karayib la |
| (3) Ajoute atik nan Konstitisyon an mande apwobasyon prezidan an. | (3) ede Etazini elaji komès esklav la |
| (4) Tribunal Siprèm nan dwe revize trete yo. | (4) bay Etazini kontwòl total sou Rivyè Misisipi |
-

Sèvi ak lèt ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 ak 10.

... Konsènan politik mwen “sanble ap pou suivi” jan w di a, mwen pa t vle di pou kite okenn moun nan dout.


Mwen ta sove Inyon an. Mwen ta sove li fason ki pi rapid anba Konstitisyon an. Pi vit otorite nasyonal la ka retabli; Plis Inyon an pral pi pre “Inyon an jan li te ye”. Si ta gen moun ki pa ta sove Inyon an, sof si yo ta ka an menm tan *sove* esklavaj, mwen pa dakò avè yo. Si ta gen moun ki pa ta sove Inyon an sof si yo ta ka an menm tan *detwi* esklavaj, mwen pa dakò ak yo. Objektif prensipal mwen nan lit sa a se sove Inyon an, epi se pa ni sove oswa detwi esklavaj. Si mwen te kapab sove Inyon an san yo pa libere *okenn* esklav mwen t ap fè l, epi si mwen te kapab sove li lè m libere *tout* esklav yo mwen t ap fè l; e si mwen te kapab sove l lè m libere kèk epi kite lòt moun yo poukout yo mwen t ap fè sa tou. Sa mwen fè konsènan esklavaj, ak ras po fonse a [Afriken Ameriken], mwen fè l paske mwen kwè li ede pou sove Inyon an, e sa mwen kite, mwen kite paske mwen pa kwè li ta ede pou sove Inyon an. . . .

Sous: Lèt Prezidan Abraham Lincoln voye pou Horace Greeley (Letter from President Abraham Lincoln to Horace Greeley), 22 out 1862

- | | |
|--|---|
| 9 Dapre lèt sa a, objektif prensipal Prezidan Abraham Lincoln nan batay lagè sivil la te pou | 10 Kisa ki te yon aksyon Prezidan Lincoln te poze pou reyalize objektif prensipal li? |
| (1) avanse kòz abolisyonis Nò yo | (1) Li te siyen Homestead Act. |
| (2) sove Inyon an | (2) Li te mete veto sou yon pwojè lwa federal. |
| (3) pwolonje vòt la pou rive Afriken Ameriken yo | (3) Li te pibliye Pwoklamasyon Emansipasyon an. |
| (4) Afriken Ameriken gratis yo vin esklav nan
Teritwa konfederasyon | (4) Li te sipòte pasaj Lwa Pacific Railway la. |
-

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 ak 12.

“FRAPE PI FÒ, THEODORE!”



Sous: Charles Green Bush, Bibliyotèk Kongrè (Library of Congress), 7 out 1902 (adapte)

11 Ki deklarasyon ki pi byen reprezante opinyon desinatè sa a?

- (1) Prezidan Roosevelt te sipòte aksyon pou koupe pyebwa nan pak nasyonal yo.
- (2) Prezidan Roosevelt te opoze ak règleman gwo biznis.
- (3) Prezidan Roosevelt te refize enplike avoka jeneral la nan mete règleman nan monopòl yo.
- (4) Prezidan Roosevelt dwe itilize tout fòs lalwa pou mete fen nan pouvwa fon yo.

12 Ak ki lwa moun ki fè desen sa a ap refere?

- (1) Lwa Pacific Railway
- (2) Lwa Eksklizyon Chinwa
- (3) Lwa Sherman Kont Monopòl
- (4) Lwa Dawes

Paj sa a rete vid toutespre.


Sèvi ak foto ak kat ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesiyon 13 ak 14.

Mulberry Street in New York City, c. 1900



Sous: Bibliyotèk Kongrè (Library of Congress) (adapte)

Distribisyon Blan Ki Fèt Aletranje Ozetazini, 1910



Sous: Edward Alsworth Ross, *Ansyen Monn nan Nan Nouvo : Siyifikasyon Imigrasyon Pase ak Prezan pou Ameriken*, 1914 (The Old World in the New: The Significance of Past and Present Immigration to the American People, 1914) (adapte)

- | | |
|---|--|
| <p>13 Ki konklizyon dokiman sa yo pi byen sipòte?</p> <ul style="list-style-type: none"> (1) Imigrasyon nan Tegzas ak Sidwès la depase lòt rejyon yo. (2) Vil Nòdès yo te vin tounen yon refij pou fanmi imigran yo nan kòmansman 20yèm syèk la. (3) Agrikilti se te travay prensipal pou pifò imigran nan pati santral nan lwès la. (4) Endistri asye ak petwòl la te grandi toupre Great Lakes akòz transpò tren. | <p>14 Sitiyasyon ki prezante nan dokiman sa yo te adresé nan ane 1920 yo lè</p> <ul style="list-style-type: none"> (1) yo te vote lwa ki limite kantite imigran yo (2) vil ki gen twòp moun yo te resevwa asistans lojman federal (3) yo te deplase imigran yo nan zòn ki gen mwens moun (4) yo te elimine pwogram depòtasyon yo |
|---|--|
-

Sèvi ak mesaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 15 ak 16.

... Antanke pèp nou te jwe yon gwo wòl nan monn nan, e nou pran desizyon pou fè avni nou pi gwo pase tan pase a. An patikilye, evènman yo nan kat dènye ane yo te montre toutbon, pou malè oswa byen [povrete oswa pwosperite], plas nou an dwe gwo nan mitan nasyon yo. Nou ka swa echwe anpil oswa reyisi ampil; men nou pa ka evite efo kote swa gwo echèk oswa gwo siksè dwe soti. Menm si se ta sa, nou pa ka jwe yon ti pati. Si nou ta eseye, tout sa ki t ap vini apre yo ta dwe pou nou ta jwe yon gwo wòl ki moralman pa bon[dezonorab] e ki demontre lawont. . . .

Sous: Prezidan Theodore Roosevelt, Dezyèm Mesaj Anyèl pou ongrè (Second Annual Message to Congress), 2 desanm 1902

- | | |
|--|--|
| <p>15 Nan mesaj 1902 li te voye bay Kongrè a, Prezidan Theodore Roosevelt te demontre sipò pou</p> <ul style="list-style-type: none"> (1) kreyasyon yon lame pèmanan Ozetazini (2) Kolonizasyon Ewopeyen an nan Amerik Latin nan (3) politik etranjè izolasyonis tradisyonèl Etazini (4) agrantisman Etazini kòm yon pisans mondal | <p>16 Ki aksyon ki te pi koresponn avèk lide ki eksprime nan mesaj sa a?</p> <ul style="list-style-type: none"> (1) konstriksyon Kanal Panama Ozetazini (2) opozisyon ak politik Pòt Ouvè (3) siyen lwa pwoteksyon konsomatè (4) kreyasyon Sèvis Pak Nasyonal la |
|--|--|
-

Sèvi ak deklarasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 17 ak 18.

. . . Dispozisyon sekirite sosyal sa a bay omwen kèk proteksyon pou trant milyon sitwayen nou yo k ap rekòlte avantaj dirèk atravè konpansasyon chomaj, atravè pansyon vyeys e atravè plis sèvis pou proteksyon timoun ak prevansyon maladi. . . .

Lwa sa a tou, reprezante yon poto nan yon sipò k ap konstwi men li pa konplè. Li se yon sipò ki gen entansyon diminye fòs depresyon posib alavni. Li pral aji kòm yon pwoteksyon pou pwochen Administrasyon yo kont nesesite pou yo antre fon nan dèt pou bay soulajman pou moun ki nan bezwen yo. Lwa a pral desann nan somè ak vale deflasyon ak enflasyon. An brèf, se yon lwa ki pral pran swen bezwen moun yo epi an menm tan bay Etazini yon òganizasyon ekonomik ki pi solid. . . .

Sous: Prezidan Franklin D. Roosevelt, Deklarasyon sou Siyati Lwa Sekirite Sosyal
(Statement on Signing the Social Security Act), 14 out 1935

- | | |
|---|--|
| <p>17 Dapre Prezidan Franklin D. Roosevelt, yon objektif prensipal sistèm Sekirite Sosyal la se te pou</p> <ul style="list-style-type: none">(1) mete fen nan ane pratik endistriyèl ki te fè travayè yo mal(2) elimine defisi epi balanse bidjè federal la(3) amelyore swen medikal atravè sibvansyon pou lopital yo(4) bay avantaj pou sitwayen ki san travay ak ki granmoun | <p>18 Lè Prezidan Roosevelt te siyen Lwa Sekirite Sosyal la vin yon lwa, li te kenbe pwomès li ki fè konnen gouvènman federal la t ap</p> <ul style="list-style-type: none">(1) pran yon wòl pi aktif nan ekonomi an pou amelyore byennèt sitwayen yo(2) bay konpayi yo posibilité pou pa peye taks pou elaji pwodiksyon ak ogmante travay(3) pwoteje ekonomi moun ki te fè bank yo konfyans yo(4) kontwole aktivite yo nan mache echanj lan nan tan k ap vini an |
|---|--|
-

Sèvi ak dokiman ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 19 ak 20.

4 570897 DA BIWO ADMINISTRASYON PRI ETAZINI DAGERIK  LIV KAT RASYONMAN LAGÈ Yo bay <u>Gale Anderson</u> <small>(Ekri non, lòt non, ak siyati ak lèt detache)</small> Adrès konplè <u>R. 1</u> <u>Mary Pa.</u> LI ANVAN W SIYEN <small>Lè m aksepte liv sa a, mwén rekonèt li rete byen Gouvènman Etazini an. M ap itilize l nan fason ak nan objektif Biwo Administrasyon Pri a otorize.</small> Anile I si l Change _____ <small>(Siyati)</small> <i>Se yon krim pou w vyole règlement pri fiks yo.</i> OPA Formulè R-145 <small>16-38870-1</small>	 PA JANM ACHTE MACHANDIZ PRI FIKS SAN TIKÈ RASYON POU ACHTE PA JANM PEYE PLIS PASE PRI LEGAL LA <i>Biwo Administrasyon Pri Etazini</i> <hr/> ENPÔTAN: Lè ou fin itilize rasyon ou, sove BWAT KONSÈV AK GRÈS DECHÉ YO. Nou bezwen yo pou nou fè minisyon pou solida gason nou yo. Kolabore ak Komite Soviaj lokal ou a. <small>★ BIWO ENPRESYON GOUVÈNMAN AMERIKEN 16-38870-1 AN 1943</small>
---	---

Sous: Biwo Administrasyon Pri (Office of Price Administration)

- 19 Poukisa gouvènman an te tabli yon sistèm kontwòl pandan lagè?
- limite konsomasyon nan resous enpòtan, ki ra
 - pou evite kontwòl pri sou machandiz ak sèvis yo
 - pou pwoteje byen Etazini yo
 - pou ede lapolis pou suiv enfraçyon kriminèl
- 20 Akseptasyon publik kontwòl gouvènman an te baze sou kwayans ki fè konnen li
- t ap ogmante benefis pou ti fèmye yo
 - t ap elimine enfliyans gwo biznis sou kandida politik yo
 - te yon sistèm jis e kii menm pou tout moun yon fason fondamantal
 - garanti medam yo t ap resevwa menm salè pou menm travay la

Sèvi ak deklarasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 21 ak 22.

Nan [Kore di Sid] Fòs Gouvènman an, ki te ame pou anpeche atak sou fwontyè ak pou prezève sekirite entèn yo, te sibi atak fòs anvayisan ki soti nan Kore Dinò. Konsèy Sekirite Nasyonzini a te mande twoup anvayisan yo pou yo sispann lit yo epi pou yo retire kò yo nan 38yèm paralèl la. Sa a yo pa t fè, men okontrè yo te kontinye atak la. Konsèy Sekirite a te mande tout manm Nasyonzini pou yo bay Nasyonzini tout asistans nan aplikasyon rezolisyon sa a. Nan sikontans sa yo, mwen bay fòs lè ak lanmè Etazini lòd pou bay twoup Gouvènman Koreyen an, kouvèti ak sipò.

Atak sou Kore fè li klè san okenn dout Kominis te pase pi lwen pase itilizasyon rebelyon pou konkeri nasyon endepandan e pral sèvi ak envazyon ame ak lagè kounye a. Li te defye lòd Konsèy Sekirite Nasyonzini yo te bay pou prezève lapè ak sekirite entènasyonal yo. Nan sikontans sa yo, okipasyon Fòmòs [Taiwan] fòs kominis yo t ap yon menas dirèk pou sekirite zòn Pasifik la ak fòs Etazini k ap fè fonksyon legal e nesesè yo nan zòn sa a. . . .

Mwen konnen tout manm Nasyonzini yo pral konsidere ak anpil atansyon konsekans dènye agresyon sa a nan Kore nan rezistans Konstitusyon Nasyonzini yo. Yon retou nan règ fòs nan zafè entènasyonal ta gen gwo konsekans. Etazini pral kontinye defann règ lalwa. . . .

Sous: Prezidan Harry Truman, Deklarasyon sou Sitiyasyon nan Kore (Statement on the Situation in Korea), 27 jen 1950

21 Ki rezon prensipal pou deklarasyon Prezidan Harry Truman te fè nan dat 27 jen 1950 la?

- (1) Angajman Etazini an nan politik pou kontinye ak Lagè Fwad la
- (2) yon esè pou jwenn sipò Lachin pou sispann agresyon kont Kore Disid
- (3) prezans fòs Japonè yo k ap kontinye nan Kore apre Dezyèm Gè Mondyal la
- (4) anons yon plan pou reyini Kore Dinò ak Kore Disid

22 Ki sa ki fè repons envazyon Kore Dinò nan Kore Disid la diferan de konfli ki sot pase yo?

- (1) Inyon Sovyetik ak Etazini te vin alye.
- (2) Agresyon Kore Dinò te fini lè Inyon Sovyetik te fè entèvansyon.
- (3) Manm Nasyonzini te bay twoup yo pou defann Kore Disid.
- (4) Nasyon vwazen Sidès Azyatik yo te divize sou ki bò pou yo sipòte.

Sèvi ak moso tèks ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 la.

Sa gen twazan, Tribunal Siprèm nasyon sa a te pran yon desizyon nan langaj senp, klè ak san konfizyon ki pral grave pandan lontan nan memwa jenerasyon k ap vini yo. Pou tout moun ki gen bon volonté, Desizyon 17 me sa te vin kòm yon limyè lajwa pou mete fen nan segregasyon an ki te dire lontan tamkou yon fènwa. Li te vini kòm yon gwo limyè espwa pou plizyè milyon moun distenge atravè monn nan ki te ka sèlman reve libète. Li te vini kòm yon souflèt legal ak sosyolojik nan ansyen doktrin Plessy a ki "separe-men-egal." Li te vin kòm yon lòt konfirmasyon ansyen doktrin Ameriken libète ak egalite pou tout moun nan.

Malerezman, bon desizyon enpòtan sa a pa t san opozisyon. Opozisyon sa a souvan rive nan pwopòsyon ki reprezante yon menas. Anpil eta te kòmanse demontre rezistans. Sal lejislatif Sid yo sonnen byen fò ak mo tankou "entèpozisyon" ak "anilasyon". Metòd rezistans varye soti nan reprezay ekonomik ki bloke aktivite rive nan rèy trajik vyolans ak laterè. Tout fòs sa yo te mete tèt yo ansanm pou fè yon gwo rezistans.

Men, plis toujou, yo toujou itilize tout kalite metòd konplike pou anpeche Nèg [Afriken Ameriken] vin moun k ap vote ki anrejistre. Refi dwa sakre sa a se yon trayizon trajik nan pi wo manda tradisyon demokratik nou yo e se demokrasi ki te vire tèt anba. . . .

Sous: Doktè Martin Luther King Jr., "Ban nou Bilten an" (Give Us the Ballot), 17 me 1957

23 Ki metòd yo te itilize pou refize Afriken Ameriken dwa vòt yo mansyone nan diskou sa a?

- (1) tès li ak ekri ak taks nan biwo vòt yo
 - (2) voye twoup federal yo
 - (3) bòykot bis ak manifestasyon
 - (4) manifestasyon elèv yo
-

Sèvi ak gwo tit ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 24 ak 25.



Sous: *New York Times*, 5 oktòb 1957

- 24 Poukisa Ameriken yo te enkyete akoz evènman ki dekri nan tit sa a?
- (1) Yo te pè pou yo pa t depase Etazini nan lit pou zam Lagè Fwad la.
 - (2) Yo te kwè satelit la ta ka gen yon efè negatif sou modèl move tan.
 - (3) Yo te panse lansman satelit la te vyole lwa entènasyonal.
 - (4) Yo te enkyete sou efè teknoloji satelit yo sou pwosperite alavni.
- 25 Ki rezulta dirèk evènman yo dekri nan tit sa a?
- (1) Prezidan Eisenhower te mobilize lame a pou yon atak.
 - (2) Nasyonzini te kondane aksyon Inyon Sovyetik yo.
 - (3) Kongrè a te mande pou fanmi yo bati abri ki pwoteje kont eksplozyon.
 - (4) Kongrè a te pase lwa pou ankouraje edikasyon syans nan lekòl yo.

Sèvi ak mesaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 26.

... Yo itilize tout aparèy ki gen entèlijans moun pou refize dwa sa a. Sitwayen Nèg [Afriken Ameriken] an ka al anrejistre sèlman pou yo di l jou a pa bon, oswa lè a an reta, oswa ofisyèl ki responsab la absan. Men, si l pèsiste, epi si li fè yon jan pou l prezante tèt li bay rejistrè a, li ka diskalifye paske li pa t eple non l oswa paske li te abreje yon mo sou aplikasyon an.

Men, si li rive ranpli yon aplikasyon yo bay l yon tè. Rejistrè a se sèl moun k ap jije pou konnen si li pase tèsa a. Yo ka mande l pou l resite tout Konstitisyon an, oswa esplike dispozisyon ki pi konplèks nan lwa Eta a. E menm yon diplòm fakilte pa ka itilize pou pwouve li ka li ak ekri. . . .

Sous: Prezidan Lyndon B. Johnson, Mesaj Espesyal pou Kongrè a (Special Message to Congress), "Pwomès Ameriken an" (The American Promise)

- 26 Kongrè a reponn mesaj Prezidan Lyndon B. Johnson lè yo pase
- (1) Lwa 1963 sou Pèman Egal la
 - (2) Lwa 1965 sou Dwa Vòt
 - (3) Lwa 1965 sou Imigrasyon
 - (4) Lwa 1990 pou Ameriken andikape yo

Sèvi ak gran tit jounal ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 ak 28.



Sous: New York Times, 20 desanm 1998

Paj sa a rete vid toutespre.

Repons pou Kesyon Redaksyon-Kout yo (29 ak 30) ak ksyon Redaksyon sou Konesans Sivik (37) dwe ekri nan ti liv redaksyon apa a.

Pati II

KESYON REDAKSYON-KOUT YO (KRK)

Kesyon Redaksyon-Kout sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsevwa pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak seri Kesyon Redaksyon-Kout gen de (2) dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou ksyon sa yo menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

KRK Seri 1 (Kesyon 29)

Sa pou fè: Li ak analize dokiman sa yo, pandan w ap aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman sa yo
- Idantifye epi eksplike **relasyon** ki genyen ant evènman yo ak/oswa lide yo jwenn nan dokiman sa yo (Kòz ak Efè, **oswa** Resanblans/Diferans, **oswa** Pwen Detèminan)

Nan devlope repons redaksyon-kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf, asire w ke ou kenbe eksplikasyon sa yo nan tèt ou:

Dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la.”

Kontèks Istorik refere a “sikonstans istorik enpòtan yo ki antoure oswa konekte evènman yo, lide yo, oswa devlopman yo nan dokiman sa yo.”

Idantifye vle di “bay yon non ak oswa nome.”

Esplike vle di “pou senplifye oswa fè li fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon.”

Kalite Relasyon yo:

Kòz refere ak “yon bagay ki kontribye nan aparisyon yon evènman, ogmantasyon yon lide, oswa mizanplas yon devlopman.”

Efè refere ak “sa ki pase kòm yon konsekans (rezulta, enpak, aboutisman) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.”

Resanblans di “fason yon bagay sanble oswa menm nan ak yon lòt bagay.”

Diferans di “fason yon bagay pa sanble oswa pa menm ak yon lòt bagay.”

Pwen Detèminan se “yon gwo evènman, ide, oswa devlopman istorik, ki mennen chanjman siyifikatif. Li kapab lokal, rejjonal, nasyonal, oswa jeneral.”

Enstriksyon KRK Seri 1 (Kesyon 29): Li ak analize dokiman ki swiv yo avan ou ekri redaksyon kout ou nan ti liv redaksyon apa a.

Dokiman 1

AMANNMAN XIV (1868)

Seksyon 1. Tout moun ki fêt oswa ki natirализ Ozetazini, epi ki anba otorite ladan l, se sitwayen Ozetazini ak nan Eta kote yo abite a. Okenn Eta p ap fè oswa aplike okenn lwa ki pral diminye privilèj oswa iminite sitwayen Etazini yo; ni okenn Leta pa dwe anpeche okenn moun gen lavi, libète, oswa byen, san pwosedi legal; ni refize nenpòt moun ki nan otorite l la pwoteksyon egal nan lwa yo.

AMANNMAN XV (1870)

Seksyon 1. Etazini oswa nenpòt Eta pa dwe refize oswa diminye dwa sitwayen Etazini pou yo vote poutèt ras, koulè, oswa kondisyon presyon yo te ye anvan.

Sous: 14yèm ak 15yèm amannman, Konsititisyon Etazini (14th and 15th amendments, United States Constitution)

Dokiman 2

. . . *Madam Anthony*—Lè yo te menmen m devan onè w pou jijman, mwen te espere yon entèpretasyon laj ak liberal Konstitisyon an ak dènye amannman l yo, ki ta dwe deklare tout sitwayen Etazini anba pwoteksyon li yo [boukliye] ki ta dwe deklare egalite nan dwa yo garanti nasyonal pou tout moun ki fèt oswa ki naturalize Ozetazini. Men, si mwen pa jwenn jistics sa a—pa rive, menm pou m jwenn yon jijman nan men yon jiri ki pa pami kamarad mwen yo—mwen pa mande tolerans nan men w—men pito tout fòs lwa a. . . .

Jij Hunt—Santans Tribunal la se pou w peye yon amann san dola ak depans pou poursuit la.

Madam Anthony—Se pou sa tanpri onorab, mwen p ap janm peye yon dola nan penalite enjis ou a. Tout aksyon komès mwen genyen an se yon dèt \$10,000, ki te fèt lè m te pibliye dokiman m nan—The Revolution—sa gen kat ane, sèl objektif sa a se te edike tout medam pou yo fè egzakteman menm jan mwen te fè a, rebele kont lwa moun kreye yo, ki enjis, lwa ki gen fòm enkonstitisyonèl, taks, amann, prizon ak pann fi, pandan y ap refize yo dwa a nan reprezentasyon nan gouvènman an; epi mwen pral travay ak fòs mwen pou m peye chak gress dola nan dèt onèt sa a, men pa gen okenn lajan ki prale nan reklamasyon enjis sa a. Epi m ap kontinye ankouraje tout medam yo pou yo rekonèt pratik ansyen maksim revolisyònè a, ki se “Rezistans ak tirani se obeyisans ak Bondye.”

Sous: Yon rapò sou rezulta nan jijman Susan B. Anthony sou Akizasyon Vòt Ilegal (An Account of the Proceedings on the Trial of Susan B. Anthony on the Charge of Illegal Voting), Rochester, Nouyòk, 1874

KRK Seri 1 (Kesyon 29)

Sa pou fè: Baze sou lekti ak analiz ou de dokiman sa yo, aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman sa yo
- Idantifye epi eksplike **relasyon** ki genyen ant evènman yo ak/oswa lide yo jwenn nan dokiman sa yo (Kòz ak Efè, **oswa** Resanblans/Diferans, **oswa** Pwen Detèminan)

Gid:

Nan redaksyon kout ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte travay la avèk reyalite ak egzamp ki enpòtan

Ou pa oblige enkli yon entwodiksyon oswa yon konklizyon apa nan redaksyon kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf.

Paj sa a rete vid toutespre.

KRK Seri 2 (Kesyon 30)

Sa pou fè: Li ak analize dokiman sa yo, pandan w ap aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri konteks istorik ki antoure dokiman 1 ak 2 a
- Analize **Dokiman 2** epi esplike kòman *odyans, oswa bi, oswa patipri, oswa pwen de vi* afekte itilizasyon dokiman sa a kòm yon sous fyab pou prèv

Nan devlope repons redaksyon-kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf, asire w ke ou kenbe eksplikasyon sa yo nan tèt ou:

Dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la.”

Konteks Istorik refere a “sikonstans istorik enpòtan yo ki antoure oswa konekte evènman yo, lide yo, oswa devlopman yo nan dokiman sa yo.”

Analize vle di “egzaminen yon dokiman epi detèmine eleman ak relasyon li yo.”

Esplike vle di “pou senplifye oswa fè li fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon.”

Fyabilite detèmine pa presizon ak itilite enfòmasyon yo jwenn nan yon sous pou yon objektif espesifik.

Enstriksyon KRK Seri 2 (Kesyon 30): Li ak analize dokiman ki swiv yo avan ou ekri redaksyon kout ou nan ti liv redaksyon apa a.

Dokiman 1

Thomas Whately te sèvi kòm Sekretè Grann Bretay nan Trezò a soti 1763-1765 sou Premye Minis George Grenville e li te otè prensipal Lwa Koupon pou Achte a.

... Revni an ki ka ogmante ak Devwa yo ki te deja, oswa pa sa yo si yo ta dwe enpoze apre sa, yo tout Palman an aplike tou, *pou debloke lajan [peye] Depans ki nesesè pou defann, pwoteje, ak sekirize, Koloni Britanik yo ak Plantasyon yo nan Amerik la.* . . . Yo gen tout bon Gouvènman sivil yo bò kote yo pou sipòte yo; men *Grann Bretay* gen Gouvènman sivil li tou; li gen tou yon gwo Etablisman Lapè pou kenbe; epi Dèt nasional la, menmsi yon pati tèlman gwo, e pati ki pi lou a te fèt [sipoze] nan yon Lagè antreprann pou Pwoteksyon Koloni yo, se sèlman sou li. . .

Sous: Thomas Whately, *Règleman yo Sot Mete Konsènan Koloni yo, ak Taks yo Mete sou Yo, ki Konsidere* (The Regulations Lately Made Concerning the Colonies, and the Taxes Imposed Upon Them, Considered), janvye 1765 (adapte)

Dokiman 2

Kongrè Stamp Act la te rankontre pou pale sou enkyetid kolon yo konsènan fiskaliye Britanik.

... I. Sijè Majeste l yo nan Koloni sa yo, dwe menm fidelite a pou Kouwòn *Grann Bretay* la, ki se akòz Sijè li yo ki fêt nan Wayòm nan, ak tout Sibòdone ki dwe bay Kò Out [nòb] sa a ki se Palman *Grann Bretay* la.

II. Sijè li Oblije Majeste Liej [obligasyon] nan Koloni sa yo, gen dwa ak tout Dwa ak Libète ki nan Sijè ki fêt natirèl li yo, nan Wayòm ki nan *Grann Bretay*.

III. Li esansyèl san kondisyon pou Libète yon Pèp, ak dwa san dout *Anglè yo*, pou yo pa enpoze okenn Taks sou yo, men ak pwòp Konsantman yo, bay pèsonèlman, oswa pa Reprezantan yo.

IV. Moun nan Koloni sa yo pa, epi nan sikonsans lokal yo pa kapab, Reprezante nan Palman an nan *Grann Bretay*.

V. Sèl Reprezantan Pèp Koloni sa yo, se Moun yo menm yo chwazi ladan l, e pa gen okenn Taks ki te janm, oswa ki pa kapab enpoze sou yo, men ak Lejislati respektif yo. . . .

XIII. Se dwa Sijè *Britanik* yo nan koloni sa yo, pou yo fè yon petisyon pou Wa a, oswa nan Chann Palman an. . . .

Sous: Deklarasyon Dwa pou fè Doleyans, So Lwa Kongrè (Declaration of Rights and Grievances, Stamp Act Congress), 19 oktòb 1765 (adapte)

KRK Seri 2 (Kesyon 30)

Sa pou fè: Baze sou lekti ak analiz ou de dokiman sa yo, aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman 1 ak 2 a
- Analize **Dokiman 2** epi eslike kòman *odyans*, **oswa bi**, **oswa patipri**, **oswa pwen de vi** afekte itilizasyon dokiman sa a kòm yon sous fyab pou prèv

Gid:

Nan redaksyon kout ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte travay la avèk reyalite ak egzanp ki enpòtan

Ou pa oblige enkli yon entwodiksyon oswa yon konklizyon apa nan redaksyon kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf.

Pati III**REDAKSYON KONESANS SIVIK (Kesyon 31-37)**

Kesyon Redaksyon Konesans Sivik sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Kontèks Istorik: Deba sou Ratifikasyon Trete Vèsay la

Pandan tout istwa Etazini, Ameriken te fè deba sou anpil pwoblèm ki gen rapò ak konstitisyon an ak pwoblèm sivik. Deba sa yo te fè moun yo, gwooup yo, ak gouvènman yo fè demach pou atake pwoblèm sa yo. Efò sa yo te bay siksè nan nivo diferan. Youn nan pwoblèm konstitisyonèl ak sivik sa yo se *deba sou ratifikasyon Trete Vèsay la*.

Sa pou fè: Li ak analize dokiman yo ki nan Pati A. Sèvi ak enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, pou reponn kesyon ki swiv yo chak dokiman nan Pati A. Repons ou yo pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B a kote y ap mande w

- Dekri sikostans istorik ki antoure pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Eksplike efò moun yo, gwooup yo, ak/oswa gouvènman yo pou adrese pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Diskite enpak efò yo te genyen sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la”**
- (b) **esplike vle di “pou fè yon bagay vin senp ak fason pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”**
- (c) **diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”**

Redaksyon Sou Konesans Sivik

Pati A

Kesyon ak Repons Kout (31–36)

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

Pandan Premye Gè Mondyal la, Prezidan Woodrow Wilson te anonse 14 Pwen li yo, li te espere yo ta nan Trete Vèsay la.

“Mwen [Woodrow Wilson] ka predi ak asirans nan yon lòt jenerasyon pral gen yon lòt gè mondal si peyi nan monn nan pa met tèt ansanm pou chwazi metòd la [dakò sou yon plan] pou anpeche l.”

Kou Wilson te konnen Etazini pa t ap kapab evite antre nan gè a, li te travay pou jwenn yon fason pou anpeche yon gè konsa rive ankò. An janvye 1918 li te anonse 14 Pwen yo, yon seri prensip ki fèt pou retire kòz yon lòt gwo gè. 14 Pwen yo gen ladan I yon òganizasyon entènasional pou kenbe lapè a, lè yo bay yon plas kote konvèsesyon yo te kapab fèt ak medyatè. 14 Pwen yo te enspire pèp Nasyon Alye yo e yo te ba yo espwa yo te ka anpeche yon lòt gwo gè. Lè Wilson te vwayaje ann Ewòp nan fen ane 1918 pou ale nan Konferans Lapè Pari a, yon foul ki plizyè milyon moun nan Grann Bretay, Lafrans ak Itali te rankontre l.

Nan Konferans Lapè an 1919 la, Wilson te deplase chèz prezidans lan nan Pari pou sis mwa pandan li te kòmande atansyon monn nan. Li te fè fas ak lidè yo nan Nasyon Alye yo detèmine pou genyen menm kantite konsesyon ak teritwa yo te kapab pou peyi yo. Wilson te diskite ak goumen ak yo jiska jen 1919 pou fè yon trete jis posib nan sikonstans yo. Wilson te trase tèm lapè ki gen ladan vizyon I pou yon Lig Nasyon, yon gwoup mondal pou rezoud konfli alavni nan mitan nasyon yo. . . .

Sous: Lig Nasyon yo, Prezidan Woodrow (League of Nations, The President Woodrow Wilson House) (adapte)

- 31 Daprè dokiman sa a, kisa ki te **yon** sitiayson istorik ki te koresponn ak ratifikasyon Trete Vèsay la? [1]
-
-

Score

Dokiman 2

Apre li te fin pale sou dispozisyon trete yo pwopoze a ki gen rapò ak Lig Nasyon yo ak Prezidan Woodrow Wilson, Senatè Henry Cabot Lodge te bay yon mesaj nan Sena Etazini an nan dat 28 fevriye 1919.

... Motive ak konviksyon li pa t ap “suiv pèsonn epi vote pou okenn mezi ki, menm si yo gen bon entansyon, sanble nan pi bon jijman mwen mennen nan diskisyon [dezakò] olye pou yo mennen nan amoni nan mitan nasyon yo oswa nan blesi, danje, oswa enjistis pou peyi m nan,” ak ensistans li ki montre Sena a, “ki gen responsablite. . . ta dwe mennen ankèt sou chak pwopozisyon ak plis detay,” mesah Lodge la te yon kritik solid sou konstitisyon Lig la. Li te kòmanse ak agiman pasyone ki di dokiman an pa mache nan lojik [kontredi] George Washington nan dat 17 septanm 1796 nan Diskou Orevwa l ak Doktrin Monroe, de kanon sakre [prensip] politik etranje Ameriken an. “Mwen mande laprès ak piblik la ak, nòmalman, Sena a pou konsidere gravite pwopozisyon sa a,” se sa Lodge te di, “anvan li pran gwo responsablite pou finalman rejte politik sa yo nou te adopte pandan pou yon syèk ak plis tan e nou te sèvi anpil kòz lapè, ni nan peyi nou ni aletranje anba yo.”

An rapò ak dispozisyon presi dokiman ki pa fini yo pwopoze a, Lodge te di dispozisyon ki garanti endepandans ak entegrite territoryal tout manm yo te twoublan yon fason espesyal. Li te avèti, pou asire garanti sa a, Etazini “dwe gen flòt ak lame ki kapab fè respekte yo nan yo toutan.” . . .

Sous: “Henry Cabot Lodge: Konstitisyon Lig Nasyon yo” (Henry Cabot Lodge: Constitution of the League of Nations), Diskou Klasik Sena (Classic Senate Speeches), Sena Etazini

- 32 Dapre dokiman sa a, kisa ki te **yon** sitiyasyon istorik ki koresponn ak deba sou ratifikasyon Trete Vèsay la?
[1]
-

Score

Dokiman 3

Yon lòt fwa ankò, frè parèy mwen yo, manman ki te pèdi ptit gason yo nan peyi Lafrans te vin jwenn mwen epi pran men m, yo pa sèlman kriye sou li, men yo ajoute, "Bondye beni w, Mesye Prezidan!" Poukisa, frè parèy mwen yo, ta dwe priye Bondye pou l beni m? Mwen te konseye Kongrè Etazini pou kreye sitiyasyon ki te mennen nan lanmò ptit gason yo. Mwen te bay ptit gason yo lòd lòt bò dlo. . . . Yo kwè, epi yo gen rezon kwè, ptit gason yo te sove libète monn nan. Yo kwè libète monn se pwoteksyon ki kontinye libète sa a pa mwayen pouvwa tout moun sivilize yo bay [ini]. Yo kwè sakrifis sa a te fèt yon fason pou lòt ptit gason yo pa ta gen pou resevwa yon kado menm jan an—kado lavi a, kado tout sa ki te mouri. . . .

Ou pral di, "Èske Lig la se yon garanti total kont lagè?" Non; Mwen pa konnen okenn garanti total kont erè jijman moun oswa vyolans pasyon moun, men. . . . Mwen mande w sa: Si se pa yon asirans total kont lagè, èske ou vle pa gen asirans ditou? Ou pa vle anyen? Èske ou vle non sèlman pa gen okenn posibilité pral gen lagè ankò, men posibilité li pral rekòmanse? Aranjman jistis yo pa kanpe poukont yo, sitwayen parèy mwen yo. Aranjman nan trete sa a jis, men yo bezwen sipò pouvwa konbine gwo nasyon yo nan monn nan. . . .

Sous: Prezidan Woodrow Wilson, Diskou Pueblo a (The Pueblo Speech), 25 septanm 1919

- 33 Dapre Prezidan Woodrow Wilson, poukisa Sena a ta dwe apwouve Trete Vèsay la? [1]

Score

Dokiman 4

... Opozisyon nan Sena a ak alyans Lig Nasyon yo, ki te dirije ak Repiblikan Henry Cabot Lodge nan Massachusetts, te dirije sitou nan Atik X, ki te deklare manm yo ta "pran angajman pou respekte ak prezève kont agresyon ekstèn entegrite territoryal la ak entegrite endepandans politik ki egziste deja pou tout Manm Lig la" e "Konsèy la ap bay konsèy sou mwayen yo." Anpil Ameriken te kwè ak Lodge, atravè trete Etazini ta dwe angaje nan yon "alyans konplèks" e lòt nasyon yo te ka deside politik etranje l yo lè yo oblige l patisipe nan aksyon kont agresè yo.

Nan desizyon yon apèl nan peyi a ta fose Sena konfòme l ak de tyè vòt ki nesesè yo, Prezidan Wilson te vwayaje plis pase 8,000 mileyaj nan tren epi li te pale karant fwa nan vennde jou. Li te vin malad, e li te oblige abandone apèl li a. Wilson pa t janm reyisi rasanble ase vòt pou trete a te pase jan li te pwopoze l. Men, kwayans li nan pwopozisyon orijinal la te tèlman solid li te itilize enfliyans li pou anpeche sipòtè li yo dakò ak chanjman ki te kapab pote pasaj. . . .

Sous: Leonard F. James, *Politik Etranje Ameriken* (American Foreign Policy), Scott, Foresman and Company, 1967

- 34 Dapre Leonard F. James, kisa ki te **yon** rezon ki fè Senatè Henry Cabot Lodge te opoze ak Lig Nasyon yo?
[1]

Score


Dokiman 5a



Sous: New York Tribune, 20 mas 1920

Dokiman 5b

Two nan Pon an



Sous: Leonard Raven-Hill, Kou (Punch) (adapte)

- 35 Baze dokiman sa yo, kisa ki te **yon** enpak efò yo pou ratifye Trete Vèsay la? [1]
-
-

Score

Dokiman 6

. . . Finalman, Wilson te echwe anpil paske peyi a pa t janm abandone preferans izolasyonis li yo [preferans], sitou sipozisyon ki fè konnen Etazini te kapab kenbe sekirite nasyonal li poukont li. Pandan lagè a, kondanasyon sa yo te pase sou silans. Sa etonan pou wè malgre tradisyon izolasyon an, malgre efondreman Wilson, malgre patizan yo te toujou pa kontan e gwoup etnik yo te fache anpil, 85 poustan senatè ki te vote 19 novannm yo te vle aksepte Lig la nan yon fason. Men, menm si peyi a te antre nan Lig la, gen dout Ameriken yo t ap vle aksepte tout obligasyon yo. Etazini pa t prepare, fas ak yon menas pou pwòp sekirite pa l, pou kalite dispozisyon [aksyon] li ta pral poze nan Kore. Li pa t gen ase ankourajman pou abandone izolasyon oswa souvrènte nasyonal konplè. Sa t ap mande vye eksperyans Dezyèm Gè Mondyal la, Iwochima, ak Lagè Fwad la pou bay motivasyon sa a. . . .

Sous: William E. Leuchtenburg, *Peril Pwosperite: 1914–1932* (The Perils of Prosperity: 1914–1932),
Inivèsite Chicago, 1993

- 36 Dapre William E. Leuchtenburg, kisa ki te **yon** rezon ki fè Prezidan Woodrow Wilson pa t reysi jwenn sipò pou Trete Vèsay la? [1]
-
-

Score

Pati B

Kesyon Redaksyon Konesans Sivik (37)

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman nan kò redaksyon an. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzant ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik: Deba sou Ratifikasyon Trete Vèsay la

Pandan tout istwa Etazini, Ameriken te fè deba sou anpil pwoblèm ki gen rapò ak konstitisyon an ak pwoblèm sivik. Deba sa yo te fè moun yo, gwooup yo, ak gouvènman yo fè demach pou atake pwoblèm sa yo. Efò sa yo te bay siksè nan nivo diferan. Youn nan pwoblèm konstitisyonèl ak sivik sa yo se *deba sou ratifikasyon Trete Vèsay la*.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, pou ekri yon redaksyon kote ou

- Dekri sikostans istorik ki antoure pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Eksplike efò moun yo, gwooup yo, ak/oswa gouvènman yo pou adrese pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Diskite enpak efò yo te genyen sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Esplike *omwen de (2)* efò pou abòde pwoblèm lan
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzant ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

REGENTS EXAM IN U.S. HISTORY AND GOVERNMENT HAITIAN CREOLE EDITION